


# Gwosès/Fètilite & Vaksen COVID-19

[ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)



## Èske vaksen COVID-19 yo afekte fètilite?

**Non.** Pa gen okenn prèv jiska jodi a ke vaksen an lakòz okenn pwoblèm ak fètilite oswa gwosès, ki enkli devlopman plasenta a. Anplis, pa gen okenn prèv ki montre ke pwoblèm fètilite yo, pou fanm oswa gason, se yon efè segondè nan OKENN vaksen, ki enkli vaksen COVID-19 yo. Fanm ki ap fè yon fekondasyon in vitro oswa lòt pwosedi ki sanble ak yo ta dwe konsilte doktè yo anvan yo resevwa vaksen an pou asire yo de moman apwopriye a. An reyalye, si w ap panse a vin ansent talè konsa, kounye a se moman pou pran vaksen an! Sa pral pwoteje oumenm ansanm ak tibebe w la kont COVID-19 pandan ou ansent epi apre akouchman an.

## Poukisa li enpòtan pou pran vaksen COVID-19 la si ou ansent oswa si ou ap eseye vin ansent?

**Li san danje epi li efikas.**

Fanm ansent ki gen COVID-19 gen pi gwo risk pou maladi grav. Vaksen an pral ede pwoteje yo ak ti bebe yo.



## Èske vaksen COVID-19 yo disponib pou manman yo ki ansent oswa k ap bay tete?



**Wi.** Rapò yo montre fanm ki te akouche apre yo te pran vaksen an pase antikò yo bay tibebe ki fèk fèt yo, konsa pwoteje yo. Li ka bay tou kèk iminite pou tibebe yo ki nan tete.

## Èske mwen ta dwe pran vaksen an si mwen planifye vin ansent?

**Wi.** Fanm ansent yo ki gen COVID-19 gen pi gwo risk pou entènè lopital, admisyon nan ICU, epi ka bezwen vantilasyon, ki vle di ou bezwen ekipman espesyal pou respire.



Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [ct.gov/covidvaccine](https://ct.gov/covidvaccine)